

Federal SNAP Siplemantè COVID Ap Fini

Kisa SNAP COVID Ye?

Pandan COVID, fanmi Massachusetts yo te resevwa SNAP siplemantè nan kòmansman chak mwa pou achte manje.



Akòz aksyon federal, dènye peman SNAP COVID ap fèt 2 mas 2023.

Kijan sa pral afekte avantaj SNAP mwen yo?


Apati mwa avril, w ap resevwa sèlman 1 peman chak mwa. Sa se avantaj nòmal ou. Chèche jwenn kantite lajan an sou DTA Connect oswa lè w rele 877-382-2363.

Sonje: Avantaj SNAP ki pa itilize yo ap transfere de mwa a mwa. Chanje PIN sou kat EBT ou regilyèman pou pwoteje avantaj ou yo.

Ou gendwa kapab ogmante avantaj SNAP nòmal ou yo lè w fè DTA konnen si:

- Depans medikal plis pase \$35 pa mwa pou nenpòt moun ki nan kay SNAP ou ki gen 60 an oswa pi gran oswa ki gen yon andikap,
- Si depans lojman w yo te ogmante (lwaye/ipotèk), epi
- Depans swen pou timoun oswa adilt ki andikape.

Enfòmè DTA Konsènan Depans Sa Yo:



Telechaje yon nòt alekri nan DTA Connect



Rele Liy Asistans DTA a nan 877-382-2363



Vizite yon biwo DTA oswa travay ak yon patnè sansibilizasyon kominotè SNAP : [Mass.gov/ContactDTA](https://www.mass.gov/contactdta)

Si ou genyen SNAP, ou gendwa otomatikman patisipe an HIP!



HIP remèt lajan sou kat EBT ou lè w itilize SNAP pou achte fwi ak legim nan men vandè fèm HIP yo. Tou depan de kantite moun ki nan kay la, ou ka jwenn \$40 a \$80 pa mwa.



[Mass.gov/ExtraCOVIDSNAP](https://www.mass.gov/ExtraCOVIDSNAP)



Federal SNAP Siplemantè COVID Ap Fini

Akòz aksyon federal, **dènnye pèman SNAP COVID ap fèt 2 mas 2023.**

Pou plis èd alimantè

Resous Manje Kominotè

- Rele oswa voye tèks nan Project Bread's FoodSource Liy Dirèk 1-800-645-8333
- Greater Boston Food Bank: <https://www.gbfb.org/need-food/>
- Worcester County Food Bank: <https://foodbank.org/find-food/>
- The Food Bank of Western Massachusetts: <https://foodbankwma.org/get-help/covid-19-food-pantry-meal-program-schedule/>
- Merrimack Valley Food Bank: <https://mvfb.org/member-agencies/>

Pwogram Nitrisyon

- Si w gen timoun ki poko gen 5 an/ansent oswa ap bay tete, ou ka kalifye pou pwogram nitrisyon WIC la: [Mass.gov/WIC](https://www.mass.gov/WIC) oswa rele call 800-942-1007
- Tout elèv K-12 ka jwenn manje gratis nan lekòl ane lekòl sa a

Pou èd ak lajan kach

- Ojwenn èd ak taks 2022 ak nenpòt estimilis COVID oswa lajan Kredi Taks pou Timoun ou dwe: [FindYourFunds.org](https://www.findyourfunds.org)
- Si ou gen timoun/ansent epi ou pa gen revni oswa ou gen revni ki ba, ou ka anmezi pou resevwa avantaj lajan kach TAFDC. Si w gen 65 an oswa pi gran oswa si ou andikape ki pa gen revni oswa ki gen revni ki ba anpil, ou ka anmezi pou resevwa avantaj lajan kach EAEDC. Aprann plis epi aplike: [DTAConnect.com](https://www.dtacconnect.com)

Pou èd ak lojman ak sèvis piblik yo

- Èd nan Lwaye oswa ipotèk: [Mass.gov/covidhousinghelp](https://www.mass.gov/covidhousinghelp) oswa rele 2-1-1
- Asistan pou ede peye pou chofaj: [Toapply.org/MassLIHEAP](https://www.toapply.org/MassLIHEAP) oswa rele 800-632-8175
- Lajan pou ede peye pou entènèt la oswa yon òdinatè: [GetInternet.gov](https://www.getinternet.gov), [AccedeAInternet.gov](https://www.accedeinternet.gov)



[Mass.gov/ExtraCOVIDSNAP](https://www.mass.gov/ExtraCOVIDSNAP)

